



# MEDIA KIT



# Kominike Pou Laprès



## Kontak pou medya:

Cecka Rose Green oubyen Taylore Maxey  
Florida Housing Finance Corporation  
850-488-4197  
[cecka.green@floridahousing.org](mailto:cecka.green@floridahousing.org) or  
[Ptaylore.maxey@floridahousing.org](mailto:Ptaylore.maxey@floridahousing.org)

Septanm 27, 2016

## **Biwo Zafè Lojman nan Eta ofri yon pwogram asistans gratis pou tout eta a pou mèt kay yo menase sezi kay yo**

*Pou kalite sèvis yo ofri yo nan tout 67 konnti nan Eta Florid la*

**TALLAHASSEE, FL** – Kòporasyon pou Finanse Zafè Lojman nan Florid (Zafè Lojman an) ofri yon pogram asistans gratis pou tout eta a, yon pogram ki fèt pou moun yo menase sezi kay yo nan eta a. Pwogram pou moun y ap sezi kay yo a (FCP) bay èd finansye ak sèvis edikasyon endividyèl epi fas a fas pou fanmi ki nan ris pou yo sezi kay yo nan Florid. Sèvis sa yo se sèvis yo bay nan tout 67 konnti yon an Florid atravè ajans pou konsèy lojman ke Eta Florid la apouve e sèvis sa yo gratis moun mèt kay ki vle patisipe.

Pandan kantite kay y ap sezi nan Florid ap diminye pa plis pase 25 pousan an 2015, Eta sa a toujou gen pi gwo to kay y ap sezi nan peyi a, dapre yon rapò resan Corelogicte lanse. Corelogicte se youn nan pi gran konpayi ki bay mezon komèsyal ak gouvènman done finansye sou konsomatè.

“Kesyon sezi kay sa a se yon gwo koze li toujou ye pou plizyè milye mèt kay nan tout konnti nan Eta a.” Se sa Direktris pou Kominikasyon ak zafè lojman nan Eta Florid la Cecka Rose Green di. “Etan moun ki ap patisipe nan pwogram FCP a, yon mèt kay kab atann l ap resevwa anpil konsèy sou kesyon lojman ak kesyon finansye ki kapab ede yo sove kay yo epi vin pi estab onivo finansye.

An 2013, Lachanm Eta Florid mete \$10,000,000.00 apa nan fon Nasyonal Eta a pou Rezoud Kesyon Ipotèk pou l fè pwogram nan mache. Gen plis pase 40 ajans nan tout Eta ki disponib pou ede mèt kay ki enterese. Pou plis enfòmasyon sou pogram nan epi sou lis ajans k ap patisipe yo, yon mèt kay kab vizite [www.FloridaHousing.org](http://www.FloridaHousing.org).

###

# Sezi Kay nan Florid

## REZIME MACHE A

Kòporasyon Finansye pou Zafè Lojman nan Florid (Zafè Lojman nan Florid) Pwogram pou Ede Moun Y ap Sezi Kay yo (FCP), se yon pogram yo finanse an 2013; pwogram nan bay mèt kay ki san lè pèdi kay yo nan tout eta a edikasyon finansye ak konsèy nan yon efò pou evite yo sezi kay moun nan. Sèvis sa yo disponib nan tout 67 konnti yo, e li se yon sèvis w ap jwenn atravè ajans lojman lokal ki byen fòme.

## DEMOGRAFI AK MACHE

Eta Florid Florida se toujou yon Eta kote to aksyon pou sezi kay moun pi wo. An me 2016 Corelogic, yon konpayi ki fè rechèch nasyonal ki espesyalize nan kesyon done sou lojman te pibliye yon rapò kote li te site 5 premye zòn metwopoliten yo nan Eta Florid la ki gen to ki pi wo nan aksyon pou sezi kay nan premye trimès ane 2016 dapre yon rapò Corelogic te pibliye. Men lis la:

ZÒN METWOPOLITEN	KANTITE KAY YO SEZI
Miami/Ft. Lauderdale/West Palm	9,603
Tampa/St. Petersburg/Clearwater	6,198
Orlando/Kissimmee/Sanford	3,175
Jacksonville	2,667
Lakeland/Winter Haven	1,439

## LIS AJANS POU KONSÈY ETA FLORID APOUVE

Gen plis pase 40 ajans k ap patisipe nan pwogram FCP a. Klike [la a](#) pou yon lis konplè.

## RANSÈYMAN SOU POU EVITE YO POZE SEZI SOU KAY OU A

Pou enfòmasyon detaye sou FCP a, pou bagay tankou posedi pwogram nan, klike [la a](#) ou kab kontakte Cecka Rose Green, Direktris Kominikasyon nan imèl li [cecka.green@floridahousing.org](mailto:cecka.green@floridahousing.org) oubyen Taylore Maxey, Manadjè Kominikasyon Biznis ak Kontinite nan [taylore.maxey@floridahousing.org](mailto:taylore.maxey@floridahousing.org); oubyen ou kapab telephone yo nan: 850- 488-4197.

# FAQ en Kreyòl

## Pwogram pou konseye moun y ap sezi kay yo Kèk kesyon ak tout repons

### 1. Ki sa Kòporasyon pou Finanse Zafè Lojman nan Florid (Florida Housing Finance Corporation- FCP) la ye?

Kòporasyon pou Finanse Zafè Lojman nan Florid, sa yo rele FCP a (Florida Housing)—se yon ajans ki la pou finanse afè lojman nan Eta Florid (HFA)—se lachanm lejislatif nan Eta Florid ki te kreye li sa gen plis pase 30 an. Yo te kreye ajans sa pou ede met adispozisyon popilasyon nan kèk kominote nan Eta Florid tout yon seri kay a pri rezonab. Kay sa yo va pèmèt moun ki rete ladan yo kreye bon zòn pou yo rete, pou yo travay epi pou yo ouvè biznis. Misyon nou se pou yo rekonèt nou kòm yon bon òganizasyon ki la pou l ofri bon jan solisyon nan mete kay a pri rezonab a dispozisyon popilasyon an, nan yon fason ki inovatif, yon fason yo kab kontwole, pandan n ap sèvi ak done epi pandan n ap prezante yon solisyon yon fason ki dirab pou pwoblèm lojman ki pa koute chè nan Eta Florid la.

Biwo pou lojman nan Eta Florid la kolabore ansanm ak anplwaye leta lokal yo, epi ak eli yo, ak òganizasyon ki p ap travay pou fè lajan, ak konpayi ki bati kay ki pa koute chè, epi ak lòt enstans ki enplike nan koze sa a. Ansanm n ap ede moun kontinye reflechi sou kouman sa enpòtan pou nou gen lojman ki pa koute chè ki disponib pou moun abite nan Eta Florid. Si w bezwen plis ransèyman konsènan Biwo lojman nan Eta Florid la, al sou sit sa [www.FloridaHousing.org](http://www.FloridaHousing.org).

### 2. Ki sa Pwogram ki bay moun y ap sezi kay yo konsèy la ye (FCP)?

An 2013, Lachanm Lejislatif nan Eta Florid met \$10 milyon apa pou devlope epi pou met sou pye yon pogram pou ede mèt kay nan Eta Florid ki sou wout pèdi kay yo. Lajan sa Biwo Lojman nan Eta Florid jwenn li nan yon fon Nasyonal apre yon Antant sou kesyon Ipotèk pou l devlope yon pwogram epi pou l fè pwogram nan mache pou ede moun ki san lè pèdi kay yo. Pwogram ki bay moun y ap sezi kay yo konsèy la la pou bay moun konsèy endividyèlman epi fas a fas epi tou pou fòme moun ki sou wout pèdi kay yo nan kesyon finans. Ajans lokal FCP apwouve ki bay konsèy sou kesyon kay, ofri sèvis sa yo nan tout 67 konnti yo.

# FAQ en Kreyòl

### 3. Ki avantaj FCP a ofri?

FCP ofri anpil avantaj, men kèk nan yo:

- Yo bay moun ki san lè pèdi kay yo teknik pou yo jere lajan yo ak fòmasyon pou ede yo jere lajan yo pi byen epi pou yo konprann sityasyon finans yo;
- Yo bay moun ki san lè pèdi kay yo konsèy sou kesyon kredi yo pou amelyore estabilite finansyè yo; epi
- Yo bay mèt kay sèvis kote yo bay yo konsèy pou ede yo pandan y ap negosye ak kote ki prete yo lajan pou achte kay la pou ede yo pa pèdi kay la.

### 4. Èske mèt kay ap oblije peye pou yo pran pa nan FCP a?

Mèt kay pap bezwen peye anyen pou yo pran pa nan FCP a. Tout sèvis yo gratis.

### 5. Ki sa mèt kay kab atann lè yo pran pa nan pwogram sa a?

- Antan moun k pa pran pa nan pwogram FCP a, mèt kay yo kab atann pou yo resevwa anpil fòmasyon nan kesyon posede kay ak konsèy sou kesyon finans ki ka ede yo pa pèdi kay yo epi sa kab ede yo vin gen plis estabilite nan afè finans yo. Met sou sa, ajans ki travay ansanm ak FCP a bay sèvis sa yo nan pwogram nan:
- Ede mèt kay prepare yon bidjè;
- Ede mèt kay devlope yon plan d aksyon finansyè;
- Fòmasyon byen detaye sou kouman pou jere finans;
- Ede mèt kay travay ansanm ak kote ki prete yo lajan pou achte kay pou modifye tèm ipotèk yo pou yo kab kenbe kay yo, oubyen ede yo chèche lòt kote pou y al rete; epi
- Bay mèt kay konsèy sou kesyon kredi epi ede yo amelyore not yo nan kredi yo.

### 6. Kouman yon mèt kay kab jwenn yon ajans FCP apwouve nan zòn pa yo a?

Mèt kay kab jwenn yon lis ajans ki FCP apwouve k ap patisipe nan pwogram nan sou entènèt lè yo [klike la a](#).



# FAQ en Kreyòl

## 7. Ki demach mèt kay mennen pou yo pran pa nan pwogram FCP a?

Premye demach mèt kay yo dwe fè se kontakte ajans lokal FCP apwouve ki nan zòn yo a pou yo pran yon randevou. Mèt kay ap oblije pote dokiman ki nan lis pi ba a lè yo pral nan premye randevou yo:

- Tout lèt kote ki prete kòb la voye oubyen lèt avoka ki reprezante kote ki prete kòb la voye bay mèt kay la;
- Tout lèt ki soti nan tribinal oubyen nan biwo Cherif la konsènan demach pou sezi kay la;
- 2 souch chèk travay (pou 30 jou travay);
- 2 relve bankè pou tout kont an bank ki gen non mèt ka la (yo) sou li (yo);
- Bòdwo mèt kay la resevwa ki pi resan;
- Kopi enkòm taks mèt kay la;
- Lis tout depans mèt kay la;
- Kòm mèt kay, pote yon lèt pou esplike difikilte finansyè ou genyen pou w peye mògedj ou; epi
- Kopi mògedj la oubyen Papye leta estime kay la pou montre se wou ki mèt kay la.

## 8. Èske gen yon dènye delè pou mèt kay al enskri nan FCP a?

Pa gen oken delè pou mèt kay al enskri nan FCP a. Mèt kay la dwe kontakte ajan FCP apwouve nan zòn kote l rete a pou l jwenn plis ransèyman.

## 9. Lè yon mèt kay enskri nan FCP a èske sa garanti y ap sispann tout demach pou yo sezi kay li?

Objektif FCP a se pou ede tout mèt kay ki vin pran pa nan pwogram FCP a pou yo evite labank sezi kay yo. Men, yo pa garanti pesonn sa ap rive fèt, paske sitiyasyon chak mèt kay pa menm. Nan ka kote yon mèt kay rive pèdi kay li kanmenm, oubyen gen yon lòt desizyon ki vin fè mèt la pa kab kenbe kay la, konseye a va travay ansanm ak mèt ka la pou ede l jwenn yon lòt kote pou l rete.

## 10. Èske mèt kay yo ap jwenn èd nan lang pa yo si yo pa pale Angle?

Wi ap gen moun pou ede mèt kay yo nan plizyè lang lè yo enskri nan pwogram FCP a.

## 11. Èske mèt kay yo kab enskri nan pwogram FCP a sou entènèt?

Non, fò mèt kay yo kontakte yon ajan FCP apwouve ki pre lakay yo pou yo kab enskri nan pwogram nan.